

Matche Pwen yo

Jwè 1-4



Laj 3+




5-10 min

OBJEKTIF


Pou mache ak kat ki gen menm kantite pwen pandan pwen yo ranje yon fason diferan.

KAT POU UTILIZE

Kòmanse avèk:




De
0-5




10 kare
0-5


Pou jwèt apre yo: chwazi plis kat, yonn pa yonn:



Pwen nan yon lòd
espesifik
0-5




Pwen ki gaye
0-5



Sèk
0-5

Defi ki pi difisil



Chwazi plis kat
6-10

VOKABILÈ

Matche

Pè

Menm

KESYON

Ki jan ou ka konnen ki kat ki mache?

Ki jan ou fè konnen sa yo te mache?


Kòman kat sa yo menm? Ki jan yo diferan?

KÒMAN POU JWE

1. Chwazi epi melanje kat yo.



2. Mete kat yo fas anlè pou tout moun ka wè. Si 12 kat yo twòp, retire youn oubyen de pè. Ou ka ajoute plis pè jan timoun yo pare.
3. Di, “Mwen pral eseye jwenn de kat ki gen menm kantite pwen sou yo. Mwen panse ke kat sa yo gen menm nimewo! Èske yo matche? Ki jan ou fè konnen?”



4. Di, “Kounye a, se tou pa ou. Èske w ka jwenn de kat ki gen menm kantite pwen sou yo?”
5. Jwèt la fini lè tout pè yo matche!

KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Gen timoun ki ka konte pwen yo sou chak kat yo pou wè si yo gen menm nimewo a. Lè timoun yo konte, remake si yo di lòd nimewo yo kòrèk (en, de, twa, kat...) epi si yo montre pwen yo youn pa youn.
- Lè timoun yo kapab konte objè youn pa youn nan lòd nimerik kòrèk, yo ap itilize korespondans youn a youn. Ede timoun yo make dènye nimewo yo konte a kòm kantite total nan seri a (pa egzanp, “En, de, twa, gen twa antou”). Sa a ede yo pratike kardinalit, sa vle di konnen konbyen antou.
- Pandan timoun yo ap pratike, yo ka kòmanse gade kat yo epi yo konnen konbyen pwen ki genyen touswit. Yo rele sa Jijman rapid ak egzat (Subitizing)—rekonèt konbyen imedyatman. Subitizing se yon konpetans enpòtan nan matematik bonè. Ou ka fè modèl subitizing lè w di, “Mwen te wè 4 pwen isit la, ak 1 lòt pwen, epi mwen te konnen se te 5!”

SIJÈ MATEMATIK

Nimewo: Konte ak Kadinalite

VIDEYO



Gade Videyo Jwèt

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Matche Pwen* yo.